ISSN 2091-508X

Бөлимге 50 жыл Отделению 50 лет

Өзбекстан Республикасы Илимлер
Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ
# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан

3

Нөкис 2009 Нукус

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИНИҢ

# ХАБАРШЫСЫ

ЖУРНАЛ 1960 ЖЫЛДАН БАСЛАП ШЫҒЫП АТЫР

# ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ОТДЕЛЕНИЯ
АКАДЕМИИ НАУК
РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН

ЖУРНАЛ ИЗДАЕТСЯ С 1960 ГОДА

**№ 3**
**(216)**

Нукус – „Илим“-2009

Учредитель и издатель: Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан
Соиздатель: Каракалпакский государственный университет им. Бердаха

Главный редактор д.э.н. **Н.К. АИМБЕТОВ**

***РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ***

**АЛЕУОВ У.А.**, доктор педагогических наук; **АЛЬНИЯЗОВ А.И.**, кандидат филологических наук; **АТАНИЯЗОВА О.А.**, доктор медицинских наук; **БАЗАРБАЕВ Ж.**, академик АН РУ, доктор философских наук; **БАХАДЫРОВА С.**, доктор филологических наук; **БАХИЕВ А.**, академик АН РУ, доктор биологических наук; **ДАУЛЕТОВ А.**, академик АН РУ, доктор филологических наук; **КОНСТАНТИНОВА Л.Г.**, доктор биологических наук; **МАТЧАНОВ А.Т.**, доктор биологических наук; **НАРЫМБЕТОВ Б.**, кандидат физико-математических наук (заместитель главного редактора); **СЕЙТМУРАТОВ Е.**, доктор химических наук; **СЕМЕНОВ И.А.**, ответственный секретарь журнала; **ХАМИДОВ Х.**, академик АН РУ, доктор филологических наук; **ЯГОДИН В.Н.**, доктор исторических наук.

**Адрес редакции:** 230100, г. Нукус, ул. Амира Тимура, 179ª, тел.: **222-53-80.**
**http://www.aknuk.uzsci.net/vestnik.htm**
Зав. редакцией **Г.Ж. Шерниязова.**
Набор и корректура: **В. Султангулова, Г. Шерниязова.**
Компьютерная верстка: **В.А. Статов.**

Сдано в набор 15.07.2009. Подписано к печати 15.09.09. Формат бумаги 60x84 1/8.
Печ. л. 11,5. Тираж 400 экз. Заказ 3. Цена договорная. Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан – 230100, г. Нукус, ул. Амира Тимура, 179ª. Регистрационный номер 01-040.

*Отпечатано в отделе печати журнала "Вестник". Реестр №11-0874.*

**© Вестник Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан**

устойчивого развития........................................................................................................75
**Бузрукханов С.** – Сущность предпринимательского маркетинга в условиях развития инвестиционной среды высшего образования ........................................................................................................80
**Курбанов О.Ж.** - Жаҳон молиявий-иктисодий инкирози шароитида экологик вазият оғир бўлган минтақада кичик тадбиркорликни ривожлантириш муаммолари ........................................................84
**Нарбаев Т.С.** – Демографические факторы формирования рынка труда Республики Каракалпакстан.....86

**История, философия, правоведение, религия, социология и политология**

**Нуржанов С.У.** – Печать в системе общественных отношений (на примере истории периодики Каракалпакстана 1920-х гг.) ........................................................................................................89
**Тангирбергенова К.** – Из истории о проникновении в Каракалпакию российского и другого иностранного торгово-промышленного капитала в конце XIX-начале XX веков................................................92
**Айтмуратов Ж., Шерниязов Р.** – Из истории исследования русско-каракалпакских культурных связей........................................................................................................95
**Абдуллаев Т.** – История изучения ремесла в средневековом Хорезме ...........................................97
**Бауетдинов Р.А.** – Основные итоги изучения городища Миздахкан ...............................................101
**Жамалов С.К.** – Абдулҳай ал-Лакнавийнинг "ал-Фаво'ид ал-баҳийя фи тарожим-л-ханафийа" асарида Кардарийлар хусусида ........................................................................................................103
**Худайбергенов А.А.** – Современные вызовы национально-государственному суверенитету в условиях политической глобализации........................................................................................................106

**Филология**

**Хошниязов Ж.** – "Огузнама" ........................................................................................................108
**Соегов М.** – Произведения каракалпакского фольклора, опубликованные в 1917 году в Ашхабаде: Сказание о Едигее и Тохтамыше........................................................................................................112
**Қанаатов Т.** - М.Қашғарлы ҳәм халық ауызеки дөретиўшилиги ..................................................117
**Нуржанов П.** – А. Әбдиевтиң "Жин-жыпырлар уясы" романында конфликт ҳәм қаҳарман образы .....119
**Байниязов Қ., Байниязова Т.** – Сейфулғабит Мәжийтов – ағартыўшы-шайыр, прозаик ҳәм драматург........................................................................................................123
**Турдыбаев Қ.К.** – И.Юсуповтың "Бүлбил уясы" поэмасында миллий-эпикалық дәстүрлер ҳәм қаҳарман образы........................................................................................................127
**Қурбанов М.Д.** - Қарақалпақ тилиндеги жергиликли географиялық терминлер ҳаққында ...................130
**Ҳамидов Ҳ., Идрисов А.** - Қарақалпақ тилиндеги араб-парсы сөзлериниң изертлениўи туўралы ..........132
**Асанова Ж.** – Қарақалпақстанлы қазақлар тилиндеги келбетлик фейилдиң *–жақ* формасының қолланылыў өзгешеликлери ........................................................................................................134
**Бекбергенов Қ.А.** - Илимий стильдеги терминлик синонимлер ...................................................135
**Дәўлетов М.** - Қарақалпақ тилинде бетлик фейил топламлы полипредикативли конструкциялар .......137
**Маматова Я.** – Типологическая структура периодической печати Узбекистана ..............................141

**Педагогика и психология**

**Жумамуратова Б.** – Профессионально-педагогическая подготовка преподавателя в обучении иностранным языкам........................................................................................................144
**Абдрахман Г.К.** – Гуманитарная парадигма образования как фактор совершенствования педагогического процесса........................................................................................................146

**Искусствоведение и архитектура**

**Уразимова Т.В.** – Этюды о творчестве И.В.Савицкого ...............................................................150

**Рецензии**

Рецензия на цикл работ академика Э.В. Ртвеладзе........................................................................153

**Информация**

Открыто издательство "Илим" ........................................................................................................156

**Конференции**

**Сен сөнбейсең, поэзия жулдызы!**
(И.Юсуповтың 80 жыллығына арналған илимий-теориялық конференция материаллары) .....................157
**Қарақалпақ прозасының кәрўанбасысы**
(Т.Қайыпбергеновтың 80 жасқа толыўына арналған илимий-теориялық конференция материаллары) ........................................................................................................163

**Юбилеи**

Ботанику интродуктору Толегену Отенову 70 лет ..........................................................................176

шайыр С.Мәжийтов тәрепинен жыйналып, баспаға таярланған қарақалпақ халық аўызеки әдебияты хәм классикалық поэзиямыздың әжайып нускаларының тийкарғы идеялық-көркемлик қәсийетлерин дурыс түсиниўимизге жәрдем етеди.

(*Даўамы бар*).


ӘДЕБИЯТЛАР

1. Байниязов К. «Шахнама» Фирдоуси. //Советская Каракалпакия. 21 февраля 1973 г. №37 (10767); Қурамбаев К., Қурамбаева Г. Ғафур Гулам ва адабий алоқалар. Нукус. 2006 йил, 40-41-бб.
2. Мәжийтов С. Таңламалы шығармалары. Нөкис. 1965. 83-84-бб.
3. Урумбаев Ж. Очерки истории школ Каракалпакстана. Нукус. 1974. с. 84
4. Урумбаев Ж. История советской школы Каракалпакии. Нукус. 1965. Куйбышев. с. 82.
5. Бул да сонда, 248-250-бб.
6. Қарақалпақстан Республикасы Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13, оп. 2, е.х. 60, 4 б.; ф. оп.13, оп. 1, е.х. 44, 72-бб.
7. Бул да сонда, ф. 13, оп. 2, е.х. 34. 109-б.
8. Белинский В.Г. Собр. соч. в трех томах. Том II. М., 1948. с. 165.
9. Мәжийтов С. Егеделер саўаты. Ташкент. 1925. 94-95-бб.
10. Пирназаров А. Күнхожа, Әжинияз, Сыдық шайырдың шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. Нөкис. Билим. 2000. 94-б.
11. Дәўқараев Н. Шығармаларының томлық жыйнағы. Том III. Нөкис. 1979. 78-79-бб.
12. Қосбергенов Р. Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы. Нөкис. 1972. 88-б.



SUMMARY

The contribution lets public know about details of S.Mazhitov biography, his creative path and general historical-cultural context of his time.


**Seyfulg'abiyt Ma'zhitov – outstanding poet, prosaist and dramatist**


**Bayniyazov K., Bayniyazova T.**

*Institute of Language and Literature, Karakalpak branch of Academy of Sciences of Uzbekistan, Nukus*


# И.ЮСУПОВТЫҢ "БҮЛБИЛ УЯСЫ" ПОЭМАСЫНДА МИЛЛИЙ-ЭПИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕР ХӘМ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫ


Қ.К.Турдыбаев

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



Резюме

В этой статье исследуется значение национально-эпической традиции в создании художественного образа и отражении злободневных проблем на материале лиро-эпической поэмы И.Юсупова «Соловьиное гнездо».


Ибрайым Юсупов дөретиўшилиги өзиниң рәңбе-рәңлилиги менен айырылып турады. Ол миллий лирикамызды жанрлық-стильлик, идеялық-тематикалық хәм көркемлик жақтан байытыў менен бирге, поэма жанрын раўажландырыўға да салмақлы үлес қосты. Нәтийжеде ол қарақалпақ поэзиясында бурын болмаған романтикалық, лиро-драмалық, лиро-эпикалық поэмалары, Шығыс хәм Батыс әдебиятының муашшах, ғәззел, октава, эпитафия, элегия, сонет, аллегория хәм т.б. сыяқлы лирикалық жанрлары менен миллий әдебиятымызды байытты. Әсиресе, И. Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасы шайыр дөретиўшилигиниң, хәзиргеки миллий поэзиямыздың XX әсирдиң ақырындағы табысларының бири болды - деп атап өтсек асыра силтеўшилик емес. Бул поэма ҳаққында усы ўақытқа шекем тек айырым пикирлер билдирилгени болмаса [1], еле арнаўлы изертлеў жумысының обьектине айланған жоқ. Биз де бир мақала көлеминде бул поэманың өзине тән өзгешелигиниң барлық қырларын қамтыўға мүмкиншилигимиздиң шекленгенлигин белгилей отырып, тек «Бүлбил уясы»нда қаҳарман образын жасаўда хәм автор идеясын сәўлелендириўде миллий-эпикалық дәстүрлердиң тутқан орнын изертлеўди өз алдымызға мақсет етип қойдық.

«Бүлбил уясы» лиро-эпикалық поэма. Автордың алдына қойған идеясын жарыққа шығарыўда поэманың көркем қурылысындағы лирикалық хәм эпикалық сыпатлардың синтези, өз ара тәсири үлкен функция атқарған. Автор өз шығармасында Ўатанды сүйиў, туўған жердиң қәдирине жетиў идеясын алға сүрген. Усы мақсетте ол тек ўақыяларды баянлаўға қурылған дәстүрий эпикалық поэманың тәжирийбесине жүгиниўди хош көрмей, жаңаша жолды, жаңаша стильди таңлаўды мақул көрген. Басқаша айтқанда, автор позициясын сәўлелендириўге, сүўретленип отырған ўақыяларға өз көзқарасын билдирип барыўға дөретпе қурылысындағы лирикалық қатлам, лирикалық ой дүньясы үлкен жәрдем берген. Буны биз әсиресе, инсан өмири менен хайўанатлар тәғдириниң параллель түрде сүўретлениўинен, лиризминиң күшлилигинен, философиялық ой жуўмағы менен лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясының өз ара тәсир етисиў өзгешелигинен сезиўимизге болады. Негизинде, булай етип дүньяның жанлы хәм жансыз қубылысларын, адам баласы менен хайўанат хәм жанлы-мақлуқатларды салыстырмалы түрде суўретлеў, әлем қубылысларының бир пүтинлигине, олардың өз-ара уқсаслығына айрықша итибар бериў символикалық

шайыр С.Мәжийтов тәрепинен жыйналып, баспаға таярланған қарақалпақ халық аўызеки әдебияты хәм классикалық поэзиямыздың әжайып нускаларының тийкарғы идеялық-көркемлик қәсийетлерин дурыс түсиниўимизге жәрдем етеди.

(*Даўамы бар*).

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Байниязов Қ. «Шахнама» Фирдоуси. //Советская Каракалпакия. 21 февраля 1973 г. №37 (10767); Қурамбаев К., Қурамбаева Г. Ғафур Ғулам ва адабий алоқалар. Нукус. 2006 йил, 40-41-бб.
2. Мәжийтов С. Таңламалы шығармалары, Нөкис. 1965. 83-84-бб.
3. Урумбаев Ж. Очерки истории школ Каракалпакстана. Нукус. 1974. с. 84
4. Урумбаев Ж. История советской школы Каракалпакии. Нукус. 1965. Куйбышев. с. 82.
5. Бул да сонда, 248-250-бб.
6. Қарақалпақстан Республикасы Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13, оп. 2, е.х. 60, 4 б.; ф. оп.13, оп. 1, е.х. 44, 72-бб.
7. Бул да сонда, ф. 13, оп. 2, е.х. 34. 109-б.
8. Белинский В.Г. Собр. соч. в трех томах. Том II. М., 1948. с. 165.
9. Мәжийтов С. Егеделер саўаты. Ташкент. 1925. 94-95-бб.
10. Пирназаров А. Күнхожа, Әжинияз. Сыдық шайырдың шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. Нөкис. Билим. 2000. 94-б.
11. Дәўкараев Н. Шығармаларының томлық жыйнағы. Том III. Нөкис. 1979. 78-79-бб.
12. Қосбергенов Р. Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы. Нөкис. 1972. 88-б.



SUMMARY

The contribution lets public know about details of S.Mazhitov biography, his creative path and general historical-cultural context of his time.

**Seyfulg'abiyt Ma'zhitov – outstanding poet, prosaist and dramatist**



**Bayniyazov K., Bayniyazova T.**

*Institute of Language and Literature, Karakalpak branch of Academy of Sciences of Uzbekistan, Nukus*


## И.ЮСУПОВТЫҢ "БУЛБИЛ УЯСЫ" ПОЭМАСЫНДА МИЛЛИЙ-ЭПИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕР ХӘМ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫ


**Қ.К.Турдыбаев**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



Резюме

В этой статье исследуется значение национально-эпической традиции в создании художественного образа и отражении злободневных проблем на материале лиро-эпической поэмы И.Юсупова «Соловьиное гнездо».


Ибрайым Юсупов дөретиўшилиги өзиниң рәңбе-рәңлилиги менен айырылып турады. Ол миллий лирикамызды жанрлық-стильлик, идеялық-тематикалық хәм көркемлик жақтан байытыў менен бирге, поэма жанрын раўажландырыўға да салмақлы үлес қосты. Нәтийжеде ол қарақалпақ поэзиясында бурын болмаған романтикалық, лиро-драмалық, лиро-эпикалық поэмалары, Шығыс хәм Батыс әдебиятының муашшах, ғәззел, октава, эпитафия, элегия, сонет, аллегория хәм т.б. сыяқлы лирикалық жанрлары менен миллий әдебиятымызды байытты. Әсиресе, И. Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасы шайыр дөретиўшилигиниң, хәттеки миллий поэзиямыздың ХХ әсирдиң ақырындағы табысларының бири болды - деп атап өтсек асыра силтеўшилик емес. Бул поэма ҳаққында усы ўақытқа шекем тек айырым пикирлер билдирилгени болмаса [1], еле арнаўлы изертлеў жумысының объектине айланған жоқ. Биз де бир мақала көлеминде бул поэманың өзине тән өзгешелигиниң барлық қырларын қамтыўға мүмкиншилигимиздиң шекленгенлигин белгилей отырып, тек «Бүлбил уясы»нда қаҳарман образын жасаўда хәм автор идеясын сәўлелендириўде миллий-эпикалық дәстүрлердиң тутқан орнын изертлеўди өз алдымызға мақсет етип қойдық.

«Бүлбил уясы» лиро-эпикалық поэма. Автордың алдына қойған идеясын жарыққа шығарыўда поэманың көркем қурылысындағы лирикалық хәм эпикалық сыпатлардың синтези, өз ара тәсири үлкен функция атқарған. Автор өз шығармасында Ўатанды сүйиў, туўған жердиң қәдирине жетиў идеясын алға сүрген. Усы мақсетте ол тек ўақыяларды баянлаўға қурылған дәстүрий эпикалық поэманың тәжирийбесине жүгиниўди хош көрмей, жаңаша жолды, жаңаша стильди таңлаўды мақул көрген. Басқаша айтқанда, автор позициясын сәўлелендириўге, сүўретленип отырған ўақыяларға өз көзқарасын билдирип барыўға дөретпе қурылысындағы лирикалық қатлам, лирикалық ой дүньясы үлкен жәрдем берген. Буны биз әсиресе, инсан өмири менен хайўанатлар тәғдириниң параллель түрде сүўретлениўинен, лиризминиң күшлилигинен, философиялық ой жуўмағы менен лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясының өз ара тәсир етисиў өзгешелигинен сезиўимизге болады. Негизинде, булай етип дүньяның жанлы хәм жансыз қубылысларын, адам баласы менен хайўанат хәм жанлы-мақлуқатларды салыстырмалы түрде сүўретлеў, әлем қубылысларының бир пүтинлигине, олардың өз-ара уқсаслығына айрықша итибар бериў символикалық

тереңлик миллий-эпикалық дәстүримизге, фольклорлық шығармаларға тән қәсийет болып табылады. Буны биз И. Юсуповтың биз таллаўға тартып отырған «Бүлбил уясы» поэмасында да анық түрде көриўимизге болады. Соңғы дәўирдеги поэмалардағы фольклорлық дәстүрлерге болған бундай айрықша қызығыўшылық хаққында орыс әдебиятшы-алымы М.Числов та жазған еди [2].

Шайыр поэмада ең алды менен тәбият картиналарына айрықша дыккат аўдарып, шығарманың негизги идеялық-эстетикалық бағдарын оқыўшыларға уқтырғандай болады:

Қанындай шырайлы шеңгел гүллери,
Жупқа орамал жайып кеткендей қызлар.
Сол шеңгел астында көп күннен берли,
Өзим көрип жүрген қус уясы бар…
Көзге ысық Кегейлиниң жағысы,
Туўып өсип, шаңда ойнаған жерим.
Музам менен тал астында табысып,
Тұңғыш муҳаббатты жырлаған жерим [3].

Демек, автор тәбиятты, оның кишкене бир бөлеги болған қус уясын сүўретлеў арқалы лирикалық қаҳарманның қоршаған орталыққа деген толғанıслы хәм заўықлы эстетикалық қатнасларын сәўлелендиреди. Бул арқалы шайыр миллий-эпикалық дәстүримиздеги дүньяның бир пүтинлиги, жанлы-мақлуқатқа абайлап қатнас жасаўшылық, оларды бул әлемдеги ажыралмас бир досларымыздай қәстерлеў идеяларына ишара етип турғанлығын аңлаў қыйын емес.

Ал, поэманың екинши бөлиминде болса шайыр өзиниң туўылған аўылы, ол жердеги бүлбилдей болып сайрай алыў уқыбына ийе муғаллим жигит, оның Мускат атлы ийти, күйеўи урысқа атланғанда узатып салып атырған еки кабат жас келиншеги туўралы шеберлик пенен сөз жүрите баслайды. Шайыр айтып өтилген эпикалық сыпаттағы ўақыяларға ара-тура лирикалық бояў жағып сүўретлеў арқалы поэманың баянлаў қурылысының рәңбе-рәңлигине, оқыўшыға деген экспрессивлик тәсириниң артыўына ерисип отырады. Мәселен, шайыр уядағы қандай қус екенлигин бирден ашып айтпай, оны ўақтынша сыр сақлай отырып, төмендегише сүўретлейди:

Базда барғанымда сол бир уядан
Бийтанысл аў қус ушып кетеди…

Шымшық дейин десем, оннан ғаўырақ
Мен көрген қусларға қатнаслы емес
Түри бозторғайға мегзес тәўир-ақ,
Бирақ пошшабайдай шотбаслы емес… [4].

Бул қатарлар, бир жағынан, дөретпедеги көркем образдың тартымлылығына, тәсиршеңлигине хызмет етсе, екинши жағынан, автор ой-пикириниң логикалылығы менен тәбийғыйлылығын тәминлейди.

Бирақ, бир муғаллим болды аўылда,

Бүлбилдиң дәл өзи болып, «сайраған», - деген қатарлардан оқыўшы уядағы қустың бүлбил екенлигин аңлап жетеди. Усы қатарлар менен поэманың II бөлими басланады. Нәтийжеде, қосықшы жигит пенен бүлбилди параллель алып сүўретлеў арқалы автор адамның қоршаған орталыққа саналы, абайлап қатнас жасаў идеясын алға сүре баслайды. Демек, шайыр өзиниң көркем концепциясын - тәбиятты асырап-абайлаў идеясын оқыўшыға жеткериў мақсетинде бүлбил менен қосықшы жигитке байланыслы сюжетлик линияны орайлық орынға шығарады. Автордың сюжетлик бағдардың орынлы жерлеринде символикалық, гиперболалық — фольклорлық сүўретлеўлерди иелетиўи реалистлик поэмадағы көркем образ жасаў принципине қайшы келместен, керисинше, миллий-эпикалық поэтиканың бул элементлери дөретпе ўақыяларының тартымлылығын күшейтеди. Соның ушын да бул усыл миллий қәдириятлар руўхында тәрбияланған оқыўшының эстетикалық талғамына толық сәйкес келеди. Буны биз төмендеги қатарлардан айқын сезе аламыз:

Әкелген дәрьяның арғы жағынан,
Күйгелек көз келиншеги бар еди.
Қосық айтқан ўақта хош хаўазынан,
Ай туўып, жулдызлар сағынар еди [5].

Бул қатарлардың жазылыў стилиниң өзи-ақ қарақалпақ халық қосықларының баянлаў манерасын еске салады. Ал, оның екинши қатарындағы «Күйгелек көз» эпитети, сондай-ақ, ақырғы қатардағы гиперболалық образ шайырдың өз миллий оқыўшысының эстетикалық талғамының дәрежесин, миллий ойлаў өзгешелигимизди есапқа алып кәлем тербеткенлигиниң гүўасы боламыз. Бул нәрсе бүлбилдей сайрайтуғын қосықшы жигит пенен оның келиншегиниң бир-бирине деген муҳаббатын сүўретлеўге – поэма қурылысына лирикалық сыпат енгизиўге хызмет еткен.

Шайыр поэмада Ўатандарлық урыс дәўириниң драматизмге толы ҳалатын - қосықшы муғаллим жигиттиң саўаш майданына атланардағы картиналық жағдайды сүўретлеў арқалы жүдә тәсирли түрде бере алған:

Кегейли бойында халық ығын-жығын,
Жигитлер кемеге минди песинде.
«Бүлбил» сайрап кетип Мускат ийтиниң,
Суўға секиргени журттың есинде [5].

Инсан баласы менен ийттиң, аттың, улыўма, хайўанат ҳәм қуслар дүньясының өз-ара қатнасына илаҳий, өзгеше бир түс берип сүўретлеў, усы арқалы бул дүньядағы қубылыслардың бир пүтинлигин, бир-бирисиз жасай алмайтуғынлығын жырлаў халқымыздың аўызеки әдебиятында, халықлық философияда, миллий-этнографиялық мәдениятымызда бурыннан бар, қәлиплескен дәстүр болса, атақлы шайыр буны «Бүлбил уясы»нда урыс дәўириниң бар машақатын, қарама-қарсылығын бериўде шеберлик пенен пайдаланған.

Поэманың ақырына таман баянлаўдың драматизми, трагедиялық пафосы және де қойыўласа түседи:

«Бес ай болды келген еди «қара хат»,
Шаңарағы күйреп, болғандай опат.
Уясы бузылған қустай безигип,
Ылағады, таза жесир перийзат [7].

Поэманың буннан былайғы бөлиминде «бүлбил» жигиттен айрылған лирикалық қаҳарманның ҳалаты менен жағдайы оның анасының төмендеги сөзлери арқалы шеберлик пенен берилген:

Келди көл бойына бир күни анам,
Қамыс тасасынан карадым оған.
Сакка жүгинди де пилте шам жағып,
Айткан сөзи бир-бир еситилди маған:
«Суў ийеси, айнанайын суў пери!
Жынысың хаял-ғой, сен ая мени!
Дуўаласаң мени дуўала жаным!
Көрдим деп хеш кимге айтпайын сени.
...Үлкен балам урыста көп ўақтан бери
Түслеримде келип жубатар мени.
Жанымды берейин, күниң болайын!
Кишкенеме тийме, жаным суў пери [8].

Демек, шайыр поэмада халық инанымындағы «суў пери» хаққындағы түсиниклерди келтириў арқалы, бир жағынан, «бүлбил» муғаллимнен айрылған келиншектиң аўыр аўхалын, оның бул жағдайынан қорыққан анасының тәбияттан тыс күшлерге исенгишлигин, садалығын билдирсе, екинши жағынан шайырдың халық түсинигиндеги «суў пери» хаққындағы инанымды дөретпениң образлар дүньясына шеберлик пенен киргизиўи ондағы лиризмди және де күшейтип, ўақыялардың сырлылығын - оқыўшыға деген тәсирин және де арттырыўға хызмет ислеген. И.Юсупов ҳәзирги заманның ең әхмийетли мәселесин-тәбиятты қәстерлеў идеясын алға сүрген поэмасында ертеклик, аңызлық сюжет ҳәм мотивлерди де жүдә шебер ислете билген деп айтыўға болады.

Поэмада фронтта жүрген муғаллим жигиттиң өз анасы менен сүйген ярына деген сағыныш сезимлерин жәмлеген қосықларының мазмуны шайыр тәрепинен жүдә әпиўайы, баянлаў техникасы бойынша сада формада берилип, бул нәрсе ҳәўескер шайыр дөретиўшилигине тийисли тәбийғыйлықты, ҳақыйқатшыллықты оқыўшының нәзерине жайып салады:

Гүзар жолдан атлар барар,
Жолын самал тарап ғана.
Боз дизгинли торы атқа,
Сен жылайсаң қарап ғана.
Төрт дойнағың ақ көксиме,
Бассам дейсең, ярым мениң!
Мәрдана бол, қой өксиме,
Ярым мениң!
Кеўил бағында той қылып,
Жазып шашыңның түйдегин.
Аш көзиңди тойдырып,
Сүймедим, ярым мениң! [9].

Фронтовик жигиттиң-ҳәўескер шайырдың ярына арнаған бул қатарларында қарақалпақ халқының муҳаббат қосықларынан тәсирлениў, оннан поэтикалық нәр алыў аттан-анық көзге тасланып турады. Буның үстине бул қатарлар сөзсиз түрде бизге «Алпамыс» дәстанындағы Гүлпаршының Байшубарға қарата айтқан сөзлерин ериксиз ядымызға салады. Гәп бунда да емес. Усы қатарлардын өзи-ақ поэмадағы лирик қаҳарман менен ондағы катнасатуғын обьектив қаҳарманлардың руўхый дүньясы халқымыздың миллий-эстетикалық, руўхыйлық сыпатларына сай келетуғын көркем-психологиялық ҳәм социаллық сыпатларда ашылған деп есаплаўымызға мүмкиншиликлер жаратады. Бизиң бул сөзлеримизди муғаллим жигиттиң тилинен айтылған мынадай косық катарлары тағы да тастыйықлағандай болады:

Дуз несип тартқан қуўысты елге,
Қайтқан қуслар қонады көлге.
Қанаты сынық бир жалғыз ғазбан,
Жаўтаңлап көкке мойынын созған [215].

Ҳақыйқатында да, фронтовик муғаллимниң жүдә аянышлы тәғдирин символластырған «жалғыз ғаз» образы арқалы шайыр миллий көркем танымның эстетикалық нормаларына сай түрде урыс хақыйкатлығын сүўретлеп бергенлиги көзге аттан-анық тасланады. Соның менен бирге бул қатар, өзиниң баянлаў техникасының жүдә садалығына қарамастан, мазмун жағынан тереңлиги, өмир, инсан трагизмин тереңнен аша алыўы бойынша шайыр тәрепинен ойлап табылған көркем усыл сыпатында ислетилген. Тағы да муғаллим жигиттиң жүрегиндеги патриотизм менен трагизмниң де өз-ара арпалысын сүўретлейтуғын төмендеги қатарларға дыққат аўдарайық:

Ақ билегин дастанған ярым.
Ақ дастыққа жас тамған ярым.
«Қара хат» алып, жесир қалдың ба?
Ақ жүзиңе қоллар салдың ба?.. [215].
Таў басынан булт аўғанда,
Төменде сел жаўар болар.
Ел басына күн туўғанда,
Ер намысқа шабар болар.
От ишинде қалса Ўатан,
Жигиттиң жан жарасынан,
Аппақ қарға қырмызы қан,
Ағар болар, ағар болар... [10].

Бул қатарларда да халықтың қосықларындағы поэтикалық мотивлер жигит жүрегиндеги патриотизмди, урыс дәўириниң трагизмин, адамның драматизмге толы тәғдирин бериўде салмақлы функцияны атқарған.

И.Юсуповтың "Бүлбил уясы" дөретпеси XX әсир ақырындағы миллий поэзиямызда жарық көрген оригинал дөретпе болып, онда шайыр регионымыз ушын оғада әхмийетли болған мәселени - тәбиятты көздиң қарашығындай сақлаў мәселесин ортаға қойды. Автор алдыға қойған идеясын жарыққа шығарыў ушын жаңа жанрды-лиро-эпикалық поэманы таңлады. Нәтийжеде, дәўир хақыйқатлығын сүўретлеўге хызмет ететуғын эпикалық ўақыялар лирикалық қаҳарманның ҳәм баянлаўшының тилинен баянланыўы арқалы авторлық позициясының анықлығына ерисиледи. Бул нәрсеге автор жәҳән реалистлик поэмашылығының алдыңғы жетискенликлеринен үйрениў арқалы еристи. Буның үстине шайырдың миллий - эпикалық дәстүрден шеберлик пенен пайдаланыўы да дөретпениң миллийлигин белгилеп берди. Мәселен, поэмада адам менен тәбияттың бир пүтинлиги, ийттиң ийесине садықлығы, адамның қусты киели деп табыўы мотивлериниң шайыр тәрепинен шебер түрде пайдаланылыўы, дәўир ҳақыйқатлығын көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўға хызмет еткен. Сондай-ақ, дөретпеде аңызлық, ертеклик, мифологиялық сюжетлердиң шеберлик пенен пайдаланылыўы, аллегориялық,

гиперболалық сүўретлеў усылларының ислетилиўи, халықлық муҳаббат қосықларының жайдары стилиниң пайдаланылыўы "Бүлбил уясы" поэмасының тәкирарланбас сүўретлеў манерасын, образлар дүньясының айрықшалығын белгилеп берген.

Деген менен, аты аталған фольклорлық жанрлардың элементлери хәм фольклорлық сюжетлер хәм мотивлер, сүўретлеў усыллары реалистлик поэманың көркемлик элементлери менен өз ара биригип хәм тәсир етисип, дәўирдиң глобаль машқаласын - тәбиятты көздиң қарашығындай сақлаў мәселесин сүўретлеўге хызмет етеди. Бул мәселени еле де тереңирек изертлеў-әдебияттаныў илиминиң алдында турған әхмийетли ўазыйпалардың бири болып табылады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Есенов Ж. Поэзия жулдызы (И.Юсупов дөретиўшилигиниң гейпара мәселелери). Нөкис. Билим. 2003. 89-б.; Мәмбетов Қ. Бүлбил уясы – лиро-эпикалық поэма. //Қарақалпақстан муғаллими. 1995. № 3-4.
2. Числов М. Время зрелости – пора поэмы. М., 1986. с.15.
3. Юсупов И. Таңлаўлы шығармалары. Нөкис. Қарақалпақстан. 1992. Т. I. 190-б.
4. Бул да сонда, 192-б.
5. Бул да сонда, 193-б.
6. Бул да сонда, 193-б.
7. Бул да сонда, 204-б.
8. Бул да сонда, 205-206-бб.
9. Бул да сонда, 214-б.
10. Бул да сонда, 215-б.



**SUMMARY**

The article deals with the significance of national-epic traditions in the artistic figure creation and the burning issues reflection on the materials of lyrical-epic poem "A Nightingale Nest" by I.Yusupov.


**National-epic customs and a heroic image in "A Nightingale Nest" by I.Yusupov.**


**Turdibayev K.K.**

*Karakalpak State University, Nukus*


# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕГИ ЖЕРГИЛИКЛИ ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ТЕРМИНЛЕР ҲАҚҚЫНДА


М.Д.Курбанов

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Резюме**

В данной статье рассматриваются местно-географические термины каракалпакского языка.


Тилдиң раўажланыў нызамлылықларын сол тилдиң ийеси болған халықтың тарийхы менен қосып изертлеў керек ал, сөзлик қатламының бир бөлегин қурайтуғын топонимлер де тил қубылысы болып табылады. Бул ҳаққында өзбек топономистлери Т.Эрназаров хәм М.Миракмаловлар былай дейди: «Тил социаллық қубылыс сыпатында хәр бир халықтың қарым-қатнас жасаў зәрүрлигинен жүзеге келер екен, ондағы номинатив бирликлер де усындай зәрүрликлерден келип шыққан. Топонимлер номинатив бирликлердиң бири сыпатында қатнас жасаў хызметин атқарады» [1]. Бирақ топонимлердиң мәнилик өзгешеликлерин, тарийхын, этимологиясын, қолланылыў ареалларын еле де толық билиў ушын тил, тарийх, география, этнография илимлеринен де пайдаланыў керек. «Топонимлерди тил илими, география, тарийх пәнлери биргеликте үйренеди. Солай екен, топономиканың бир қатар фактлерин, мазмуны жағынан түрлише материалларын лингвистикалық, тарийхый хәм географиялық материаллар менен бирге үйренгенде ғана түсиндирип бериў мүмкин» [2]. Демек, топонимлер халықтың өтмиштеги конкрет жағдайлары, жасап турған орны, сол жердиң рельеф өзгешеликлери хәм үрп-әдет дәстүрлери менен байланыслы халда пайда болады.

Топоним - халық дөретпеси. Халық өзиниң әтирапындағы географиялық объектлерди басқаларынан ажыратып таныў ушын оның қандайда бир сыртқы белгилерине қарай атайды хәм топонимлер пайда болады. Бул процессте жергиликли географиялық терминлер де айрықша орын ийелейди. Соңлықтан, терминлер топонимлердиң этимологиясын анықлаўда гилт ўазыйпасын атқарады. Жергиликли географиялық терминлерди билмей турып, топонимлердиң мәнисин анықлаў мүмкин емес. Дәслеп топоним, термин, географиялық термин, жергиликли географиялық термин деген сөзлерге түсиник берип өтиў керек.

**Топоним** – еки сөзден, грекше *топо* – жай, орын хәм *онома* – ат, атама деген сөзлерден қуралған. Топоним, географиялық атама (географиялық объектке меншиклеп берилген атама) деген терминлер бир түсиникти билдиреди.

**Термин** – латынша сөз болып шегара, шекленген деген мәнилерди аңлатады. Илим, техника хәм кәсип-өнерге ямаса қандай да бир тараўға тән түсиникти анық сәўлелендиретуғын сөз ямаса сөз дизбеги [3], ал, географиялық терминлер тәбияттағы хәр қыйлы географиялық объектлер ҳаққында түсиниклер береди. Тәбиятта